



Pou Piblikasyon Imedya: 28/12/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE KENZYÈM PWOPOZISYON DISKOU ETA LETA
2018 LAN: LANSE YON PWOGRAM KONPLÈ POU OKENN TIMOUN PA NAN
GRANGO**

***Plan an Senk Etap sa a pral Konbat Grangou pou Elèv, sòti Jadendanfan rive nan
Kolèj***

***Gouvènè an pral Pwopoze Lejislasyon pou yo Sispann Fè Timoun Wont nan Zafè
Manje Midi nan tout Lekòl***

***Y ap Egzije pou Lekòl yo Pèmèt Timoun Jwenn Manje pi Fasil; Lekòl yo ap Ofri
Manje Maten apre Klòch la Sonnen***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te revele 15yèm pwopozisyon Diskou Eta Leta 2018 lan: Lanse yon pwogram konplè pou pèmèt elèv tout laj, orijin, ak sitiyasyon finansyèl, jwenn manje ki bon pou lasante, ki fèt onivo lokal, depi nan jadendanfan rive nan kolèj. Gen prèske 2.7 milyon moun New York, pami lèkèl prèske 1 milyon timoun, ki pa jwenn regilyèman manje yo bezwen pou viv yon vi ki an sante e ki aktif. Pwogram Gouvènè an mete sou pye pou "Okenn Timoun pa nan Grangou" ("No Student Goes Hungry") gen ladan envestisman pou agrandi pwogram "Soti nan Fèm rive Lekòl" la ("Farm to School"), lejislasyon pou rann li pi fasil pou moun jwenn manje maten gratis epi anpeche yo fè moun wont pou zafè manje midi, ak chanjman onivo senten règleman pou asire elèv yo, depi nan jadendanfan rive nan kolèj, jwenn manje ki fre soti nan fèm, nan yon anviwònman aprantisaj bon jan kalite.

"Okenn timoun pa ta dwe grangou. Lè nou lanse Pwogram 'Okenn Timoun pa Nan Grangou', New York pral asire plizyè santèn de milye elèv tout laj jwenn manje ki gratis oswa a pri ki pi ba", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pwogram sa a esansyèl pou sikse lidè New York k ap monte yo, e administrasyon sa a kontinye pran angajman pou retire baryè pou opsyon nan zafè manje ki bon pou lasante; epitou l ap ofri yon anviwònman aprantisaj ki byen ankadre elèv yo, e ki efikas, toupatou nan eta sa a."

Lè yon timoun grangou, trè souvan sa lakòz li fè move nòt, li rate jou lekòl, li double klas, e elèv sa a gen pwoblèm pou konsantre, dapre sa Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention) di. Nan ka anpil timoun, Pwogram Nasyonal Manje Midi nan Lekòl la (National School Lunch Program) ak Pwogram Manje Maten nan Lekòl la (School Breakfast Program) ofri pi bon opòtinite

ki genyen pou jwenn yon repa nourisan regilyèman. E poutan, malgre prèske 60 pousan elèv nan lekòl piblik New York yo elijib pou jwenn manje maten gratis oswa a yon pri ki pi ba nan lekòl la, se sèlman 34 pousan nan elèv sa yo ki manje manje maten chak jou, dapre Depatman Edikasyon Eta New York (New York State Education Department).

Lè li lanse Pwogram “Okenn Timoun pa Nan Grangou” an, eta a ap bay elèv ki nan bezwen bon manje lokal, pou ankadre yo nan aprantisaj yo, kèlkeswa laj timoun nan.

Men plan senk etap Pwogram “Okenn Timoun pa Nan Grangou” Gouvènè an:

Entèdi Fè Timoun Wont pou Zafè Manje Midi, Toupatou nan Eta a

Fè timoun wont pou zafè manje midi se yon move pratik nan kèk lekòl, kote granmoun yo fè timoun yo wont devan kanmarad yo poutèt yo pa gen lajan pou peye manje midi. Nan anpil ka, yo fòse elèv sa yo mete yon etikèt sou yo oswa yon braslè, oswa yo site non yo byen fò nan opalè. Nan lòt ka, yo bay elèv sa yo lòt kalite manje midi, ki pa osi bon, tankou paregzanp yon sandwich fwomaj tou frèt, alòske lòt elèv yo jwenn manje midi ki byen cho. Gen lòt nouvel nasyonal ki rapòte ensidan kote yo senpleman refize bay timoun yo manje si yo pa ka peye.

Gouvènè an ap pwopoze yon lwa, e lè li pase, l ap imedyatman entèdi pou yo fè moun wont pou zafè manje midi, kèlkeswa sityasyon an. Premyèman, l ap entèdi nenpòt ki zak piblik ki imilye yon elèv ki pa kapab peye pou manje midi. Dezyèmman, l ap entèdi lòt kalite manje midi epi egzije pou elèv yo resevwa menm manje midi ak lòt timoun, apati ane eskolè 2018-19 lan.

Egzije Manje Maten “Aprè Son Klòch”

New York oblije lekòl ki gen anpil elèv ki nan bezwen ofri elèv sa yo manje maten, men lwa ki an plas la pèmèt fleksibilite nan kilè yo ofri manje sa a. Kidonk, anpil lekòl sèlman ofri manje sa a pou yon tan limite, ki gen dwa anvan otobis la rive, sa ki fè anpil elèv pa jwenn manje.

Pou pèmèt elèv yo manje lematen e anpeche yo grangou nan klas la nan kòmansman jounen an, Gouvènè Cuomo ap pwopoze pou yo egzije lekòl ki gen plis pase 70 pousan elèv ki kalifye pou manje midi gratis oswa a pri ki pi ba, pou ofri manje maten aprè jounen lekòl la gen tan kòmansman, pou pwochè ane eskolè a. Nan pwogram manje maten “Aprè Son Klòch” ki reyisi, lekòl yo sèvi manje maten nan saldeklas la, oswa li bay opsyon distribitè otomatik ki nourisan, pou asire elèv yo jwenn manje maten lè jounen an kòmansman. Nan vil Newburgh, kote yo te aplike pwogram manje maten “Aprè Son Klòch” la pandan ane eskolè 2015-16 la, lekòl yo te wè pousantaj timoun ki manje lematen yo te ogmante pa plis de 100 pousan.

Pou fasilite tranzisyon an, eta a pral ofri asistans teknik ak lajan kapital pou ekipman tankou glasyè ak distribitè otomatik pou ankadre manje maten “apre son klòch.” Yo estime 7 milyon dola nan fon kapital pral ankadre manje maten pou pi lontan nan 1,400 lekòl.

Agrandi Pwogram “Soti nan Fèm rive Lekòl” la

New York pral double investisman eta a fè nan pwogram “Soti nan Fèm rive Lekòl” la pou ankadre itilizasyon manje ki bon pou lasante e ki lokal, nan distri lekòl atravè Eta New York. Yo te kreye pwogram “Soti nan Fèm rive Lekòl” la pou konekte lekòl yo avèk kiltivatè lokal, ofri asistans teknik e pèmèt lekòl yo kòmande manje lokal pou lekòl yo an mezi ofri elèv yo manje ki nourisan ak pwodwi ki soti nan fèm lokal yo. Lajan yo bay deja pou finans pwogram sa a te pèmèt 324,000 elèv jwenn manje ki bon pou lasante e ki soti tou fre nan fèm yo. Finansman sa a kapab sèvi pou depans kapital pou ankadre transpò ak estokaj manje yo pwodui onivo lokal, epitou pou anboche kowòdonatè “soti nan fèm rive lekòl” ak fòmasyon nan zafè rekòt ak preparasyon manje.

Gouvènè Cuomo pwopoze pou yo double investisman eta a fè, pou ajoute 750,000 dola pou yon total 1.5 milyon dola nan pwojè “Sòti nan Fèm rive Lekòl” yo. Si li pase, pwogram nan t ap sèvi apeprè 18 pwojè e 328,000 lòt elèv, sa ki t ap fè kantite total elèv yo sèvi an apeprè 652,000.

Ogmante Itilizasyon Manje Fre ki sot nan Fèm ak Manje Lokal nan Lekòl yo

Mank manje ki bon pou lasante e ki nourisan ka afekte kapasite yon timoun pou li konsantre e pèfòme byen lekòl la. Souvan tou, li lakòz timoun nan gen plis pwoblèm konpòtman ak pwoblèm emosyonèl, soti nan matènèl rive nan adolesans, dapre Akademi Pedyatri Etzanini (American Academy of Pediatrics). Se poutèt sa li enpòtan pou entegre manje ki nourisan, ke yo kiltive onivo lokal, pou ankadre bon abitid alimantè e asire devlopman timoun yo. Sepandan, pou plizyè rezon, ki gen ladan depans, anpil distri lekòl pa ofri manje lokal ki pi bon pou lasante.

Pou ankouraje distri lekòl yo itilize plis pwodui agrikòl lokal, Gouvènè Cuomo ap pwopoze yon ogmantasyon nan kantite lajan yo remèt lekòl yo pou manje midi; l ap pase de 5.9 santim a 25 santim pa repa, pou nenpòt ki distri ki achte omwen 30 pousan engredyan nan men fèm New York yo. Sa se nan enterè elèv yo, ansanm ak fèm lokal New York yo.

Egzije Bank Alimantè sou tout Kanpis SUNY ak CUNY

Grangou sou Kanpis (“Hunger on Campus”), yon rapò ak sondaj plizyè òganizasyon sou kanpis nasyonal te fè, di 48 pousan nan moun ki te patisipe nan sondaj la te fè eksperyans ensekirite nan zafè manje pandan 30 dènye jou yo. Menm rapò sa te di 55 pousan nan moun ki te reponn pou di yo gen ensekirite nan zafè manje pa t achte liv lekòl yo. Pou asire etidyan yo toujou ka jwenn manje sou kanpis kolèj yo, Gouvènè a ap mande tout lekòl SUNY ak CUNY pou yo ofri bank alimantè ki enstale sou kanpis la, oswa pèmèt elèv yo resevwa manje atravè yon aranjman separe ki pa fè moun bay yo non. Gouvènè an pwopoze pou eta a envesti 1 milyon dola pou lekòl yo aplike pwogram nan.

An 2009, mwens pase 10 bank alimantè sou kanpis te egziste nan kolèj prive ak leta nan tout peyi a, e nan ane 2017, plis pase 570 egziste kounye a. Se sèlman apeprè mwatye nan tout kanpis SUNY ak CUNY yo ki genyen bank alimantè ki an plas. Si yon kanpis pèmèt elèv yo jwenn manje bon kalite ki abòdab gras a aranjman yo fè avèk yon bank alimantè deyò, yo dwe enkli livrezon ak distribisyon.

Eta New York t ap premye eta ki egzije pou tout kanpis piblik ofri yon bank alimantè.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418